



Pou Piblikasyon Imedya: 13/10/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE FINISMAN SERI PWOJÈ REZISTANS KONT
INONDASYON NAN VIL OGDENSBURG, ST. LAWRENCE**

*Plis pase 8.3 milyon dola pou estabilize rivaj la epi pwoteje espas piblik ki gen
tandans sibi inondasyon sou rivyè St. Lawrence lan*

Li fè pati Inisyativ Rezistans ak Devlopman Ekonomik 300 milyon dola Eta a

Foto seremoni koupe riban disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a finisman yon seri pwojè rezistans kont inondasyon nan Vil Ogdensburg, Konte St. Lawrence. Kat pwojè yo te resevwa plis pase 8.3 milyon dola nan sibvansyon atravè [Inisyativ Rezilyans ak Devlopman Ekonomik \(Resiliency and Economic Development Initiative, REDI\)](#) Lak Ontario Eta New York la. Pwojè REDI finanse sa yo ki fini kounye a pral ede bese enpak pwochen evènman gwo dlo yo epi amelyore rezistans litoral la.

"Pwojè REDI ki te konplete yo nan vil Ogdensburg pwoteje sekirite piblik, devlope fleksibilite sou bò rivyè St. Lawrence epi kreye opòtinite lwazi pou kominote a, sa ki soulinye anpil nan objektif prensipal yo nan inisyativ Eta New York ki gen siksè", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Finisman pwojè vil la se yon etap pou pi devan nan reyalize tout potansyèl litoral Ogdensburg la."

An 2019, Rivyè St. Lawrence te eksperimente yon rekò nan gwo nivo dlo ki te lakòz inondasyon devastè toupatou nan kominote ki sou bò rivyè a. Evènman sa yo te degrade enfrastrikti piblik yo epi yo te limite itilizasyon piblik destinasyon touristik popilè yo tankou Morrisette Park ak waf piblik vil la, sa ki afekte sekirite piblik ak ekonomi lokal yo yon fason negatif.

Anons jodi a gen ladann:

- **Morrisette Park ak City Dock, 4,875,000 dola:** Morrisette Park se yon espas rasanbleman popilè pou rezidan yo ak vizitè yo, li gen yon lakou tenis, lakou rekreyasyon an bwa, ak pakin piblik. Inondasyon ak aksyon siklòn repete te lakoz ewozyon nan litoral pak la epi yo te andomaje dig ki egziste deja a, menase enfrastrikti pak la ak estasyon ponp sanite ki

adjasan an. Pandan inondasyon an, dlo te inonde sifas retounman zòn pakin lan epi yo te jije li pa an sekirite, sa ki te fòse lakou rekreyasyon an fèmen. Mezi detèminasyon yo te aplike nan pwojè a te gen ladan enstale ranblè ak nivèlman pou elve pak la ak Caroline Street ki tou pre a nan de a twa pye. Karakteristik sit ki egziste deja yo ki gen ladan estrikti dlo lapli, chemen asfalt, twotwa an beton, memoryal an granit, ak ekleraj sit yo te rekonstwi oswa retabli pou akomode chanjman nivo a. Yo te enstale sèy pwoteksyon litoral ki baze sou lanati sou litoral nòdès Morrisette Park pou bay plis fleksibilite pou pati ki pi wo nan bèj la ki ekspozè fas ak pwochen evènman gwo dlo ak vag montan yo. Sèy ki baze sou lanati a te gen ladan mete anwochman bò dlo a ansanm ak kouch kontwòl ewozyon ak vejetasyon entegre an amon ak bèn anwochman. Yo te monte miray palplanch ki adjasan ak City Dock la nan de pye pou pwoteje Morrisette Park kont evènman inondasyon ekstrèm alavni yo.

- **Marina Minisipal ak Waf tou pre Dobisky Center, 911,973 dola:** Marina Minisipal Ogdensburg, ki sitiye sou Rivyè St. Lawrence, gen ladann plis pase 70 glisman bato, sa ki atire navigatè lwazi yo ak amatè lapèch nan vil la. Ogmantasyon nivo dlo ki te mennen nan andikap estriktirèl dig marina a, ki te lakòz inondasyon nan marina a ak yon gwo debòdman devèswa dlo lapli. Inondasyon repete te lakoz ewozyon nan litoral Marina Minisipal la, sa ki te kite marina a san pwoteksyon kont gwo dlo ak aksyon vag yo. Sa te lakòz kondisyon danjere pou itilizatè yo ak fèmti tanporè nan yon pati nan pak la, ki gen ladann yon bèlvedè ki itilize anpil ak pwomnad ki sitiye tou pre Sant Dobisky a. Travay ki fini yo te estabilize bò rivyè Waf Minisipal la atravè enstalasyon palplanch ak bouchon an asye, pwoteksyon rivaj la paanwochman sou bò sid Marina Minisipal la ak elve bèlvedè ki egziste deja a nan apeprè yon pye.
- **Greenbelt Park, 530,000 dola:** Greenbelt Park sitiye tou pre konfliyan rivyè Oswegatchie ak rivyè St. Lawrence. Apeprè 680 pye lineyè nan revètman anwochman te sibi deteryorasyon akòz aksyon vag souvan yo. Mank pwoteksyon bò rivaj la te lakòz dlo kanpe sou anpil nan espas vèt la, zòn pakinlan, ak lansman bato pak la pandan gwo nivo rivyè yo. Mezi diminyasyon kont inondasyon yo te gen ladan pwoteksyon litoral la pa anwochman ak pwolonje revètman abwochman ki egziste deja pou pwoteje pati ki pi wo nan bèj la ki ekspozè a kont evènman gwo dlo nan alavni ak vag montan yo.
- **Maple City Trail, 2,000,000 dola:** Maple City Trail sitiye sou riv Oswegatchie River, yon gwo afliyan ki devèsè nan Rivyè St. Lawrence lan. Evènman inondasyon yo te andomaje miray blòk an kalkè ki gen 100 ane a sou rivyè a, sa ki te afekte aliyman miray la ak entegrite estriktirèl la. Degradasyon miray la te reprezante yon risk sekirite piblik pou itilizatè santye yo. Pwojè ki fini an ogmante rezistans santye nan zòn pwojè a lè li diminye potansyèl inondasyon, ewozyon bèj la, ak domaj pwopriyete ki te koze pa evènman gwo dloyo. Pwojè a te gen ladann yon nouvo miray blòk segman an beton prefabrike (li mezire 1,200 pye lineyè) pou ranplase miray kalkè/beton an. Somè nouvo miray la te fikse nan yon elevasyon

252 pye (ekstremite nò), 253.5 pye (pòsyon mitan) ak 255 pye (ekstremite sid, toupre baraj la) pou pwoteje bò rivyè a kont nivo rivyè yo k ap depase miray la pandan evènman inondasyon alavni yo. Zòn ki dèyè nouvo miray la te elve epi yo te rekonstwi ak amenaje santye ki te deja domaje a.

Sekretè Deta Eta New York Robert J. Rodriguez te deklare, "Pwojè enfrastrikti rezistan tankou sa a se yon eleman enpòtan nan efò kontinyèl Gouvènè a pou pwoteje ak amelyore kominote bò rivyè Lake Ontario a ak Rivyè St. Lawrence lan. Pwojè sa a pral ede bese enpak evènman gwo dlo yo nan Vil Ogdensburg alavni, pandan y ap amelyore ekonomi an, anviwònman an ak dirabilite jeneral vil la ak rejyon an. Pwojè a konplèman efò pou rezistans ak revitalizasyon Depatman Deta depi lontan ap fè nan Ogdensburg atravè Pwogram Revitalizasyon Litoral Lokal (Local Waterfront Revitalization Program) nou an ak pwogram Zòn Opòtinite Frich Endistriyèl (Brownfield Opportunity Area) la."

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal Eta New York la ak Ko-prezidan Komisyon REDI a, Basil Seggos, te deklare, "Inisyativ REDI Eta New York la kontinye rekè pwogrè soutni li a k ap pwoteje kominote yo sou Lake Ontario ak Rivyè St. Lawrence, pou asire enfrastrikti enpòtan yo pare pou reziste anba gwo tanpèt ak gwo dlo yo. Envestisman estratejik Eta a ap bay kominote bò rivaj la tankou Vil Ogdensburg ekspètiz ak resous ki nesèsè pou estabilize ak pwoteje rivaj la pandan y ap amelyore opòtinite lwazi pou rezidan yo ak vizitè yo, konsa y ap ankouraje vitalite ekonomik bèl kominote litoral sa a."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Enèji New York la, ak Komisè REDI Konte St. Lawrence lan, Justin E. Driscoll, te deklare, "Pwojè yo fini jodi a bay solisyon alontèm ki amelyore devlopman ekonomik ak ekosistèm lokal la sou rivaj Lake Ontario ak Rivyè St. Lawrence lan. Atravè etablisman komisyon REDI a, New York te travay ak gouvènman lokal yo, biznis yo ak pwopriyete kay yo sou pwojè pou rekonstwi ak fòtifye kominote bò rivaj yo ak enfrastrikti ki nesèsè pou konbat evènman move tan yo."

Komisè Biwo Sèvis Jeneral Eta New York la, Jeanette Moy, te deklare, "Anons Gouvènè Hochul jodi a pale byen fò sou sa nou ka akonpli lè eta a travay ak patnè lokal nou yo pou rekonstwi ak amelyore sit lwazi yo nan yon fason dirab nan kominote ki andomaje yo akòz inondasyon yo sou Lake Ontario ak Rivyè St. Lawrence lan. Ansanm, n ap pran mezi ki nesèsè yo pou amelyore kalite lavi rezidan yo epi bay yon ogmantasyon nan ekonomi touristik rejyon an."

Senatè Eta Mark Walczyk te deklare, "Finisman pwojè sa yo fè fasad Ameriken an alafwa rezistan ak bèl. Restorasyon espas litoral yo nan Maple City se bèl bagay pou aktivite touristik nan vil Ameriken an nan St. Lawrence."

Manm Asanble Scott Gray te deklare, "Finisman pwojè REDI yo nan Ogdensburg make yon etap enpòtan pou vil la, ak yon prim total ki plis pase 8.3 milyon dola. Pwojè

sa yo enkli prezèvasyon ak revitalizasyon bò rivaj Morrisette Park ak City Dock, ak enstalasyon tankou yon teren tenis ak lakou rekreyasyon, ansanm ak amelyorasyon rezistans ak pwoteksyon Marina Minisipal la ak Waf tou pre Dobisky Center a, ki atire navigatè yo ak amatè lapèch yo. Anplis de sa, restorasyon revètman anwochman bò litoral Greenbelt Park la epi, anfen, restorasyon Maple City Trail la, ki kontribye nan bote natirèl vil la ak nan opòtinite lwazi yo. Komisyon REDI ak vil Ogdensburg te fè yon investisman enpòtan pou amelyore zòn litoral vil la."

Prezidan Konte St. Lawrence Ian, David Forsythe, te deklare, "Mwen trè ankouraje pou m wè pwojè enpòtan sa yo fini sou St. Lawrence River nan vil Ogdensburg. Litoral la se pi gwo resous vil la genyen pou l ofri. Kòm yon reprezantan Distri 2, ki gen ladann yon pòsyon nan Vil Ogdensburg, ansanm ak yon pwopriyete biznis ki gen 37 ane nan vil la, zòn vil kote pwojè sa yo ye a se kèk nan pi bèl pwopriyete nan Konte a. Pou wè pwojè sa a reyalize epi montre yo avèk èd Eta New York, sa pral sètènman gen enpak sou efò rekiperasyon vil la ap fè. Nou rekonesan pou patenarya ak Eta New York ak konsantrasyon kontinyèl pou konplete tout pwojè REDI yo nan Konte St. Lawrence."

Majistra Ogdensburg Jeff Skelly te deklare, "Travay pou amelyore litoral vil la ak zòn Maple City Trail k ap grandi a sou Rivyè Oswegatchie te pran plizyè ane epi li te enplike kowòdinasyon ant plizyè ofisyèl ak ajans eta, federal ak lokal yo. An patikilye, pwòp Biwo Planifikasyon ak Devlopman Ogdensburg nou an, ki te dirije pa Manadjè Vil Pwovizwa Andrea Smith, te travay san pran souf pou pote pwojè sa a fini. Kounye a pwojè a fini, rezidan ak vizitè vil yo nan kominote nou an pral kapab pi byen jwi litoral inik nou yo sou alafwa Rivyè St. Lawrence ak Oswegatchie. Mwen vle remèsye tout moun ki enplike."

Nan repons ak chema inondasyon pwolonje nan tout bò rivaj Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence yo, Eta New York te kreye REDI a pou ogmante rezistans kominote sou rivaj yo epi estimile devlopman ekonomik nan rejyon an. Yo te etabli senk (5) Komite Planifikasyon Rejyonal (Regional Planning Committees) REDI yo, ki gen reprezantan ki soti nan uit (8) Konte (Niagara ak Orleans, Monroe, Wayne, Cayuga ak Oswego, ak Jefferson ak St. Lawrence) pou idantifye priyorite lokal yo, enfrastrikti ki gen risk ak lòt resous yo, ak enkyetid konsènan sekirite piblik la. Atravè REDI a, Eta a te angaje jiska 300 milyon dola a pou benefisye kominote yo ak amelyore rezistans nan rejyon ki gen tandans sibi inondasyon olon Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence yo.

Depi kreyasyon pwogram REDI Eta a nan prentan 2019 la, 134 pwojè lokal ak rejyonal ki finanse pa REDI ap fèt, ki gen ladan 28 pwojè nan faz konsepsyon, 39 pwojè nan faz konstriksyon, ak 67 pwojè ki fini.

Pou plis enfòmasyon, pwofil pwojè yo, ak nouvèl REDI, klike [isit la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)